

CHIKAMU 12  
KUMUTSWA KUNAFI  
NEKEREKE  
YOKUTANGA



KASIRAI,  
KWAKUSVIBA.

MUNOZIVA KUTI  
WAKATIUDZA RUSINGAPERI KUTI  
IZVI ZVICHAITIKA. HANDIZIVI KUTI  
SEI ZVAKADARO, ASI UNENGE  
WAIDA KUFA NENZIRA IYI. WAIZIVA  
NGUVA NEZVOSE ZVAIZOITIKA.  
CHERO MADEKO CHAIYE  
AIZVITALURA.



HATINA  
KUGADZIRA MAFUTA  
AKE OKUMUZORA.

TICHATOZODZOKA  
NGLVA DZESABATA  
DZAPERA.

ASI KUNENGE  
KWATOPERA  
MAZUVA MATATU!

KO TINGAGODII, NDOZVOGA  
ZVATINGATOITA.


ENDA NEAPO, LINGWARIRE  
CHITSIKO ICHO.

VAPIRISITA  
VAKADZOKERA  
KUNA PIRATO.

ISHE,  
MUNYENGERI  
WAMAKAURAYA  
WAKATI MUMASHURE  
MEMAZUVA MATATU  
ARIMUBWIRO,  
ACHAMUKA  
ZVEKARE.

INGAVA  
NJODZI CHAIYO  
KANA VADZIDZI  
VAKE VAKANZVENGA  
VAKANOTORA MUTUMBI  
WAKE. DYARAI MALITO  
ENYU ACHENGETE  
MUKOVA WEPABWIRO  
KUDZIVIRIRA  
ZVAKADARO.


NDICHATUMIRA  
MALITO ANGU  
ANOCHENGETEDZA  
MUKOVA UYU  
SEZVAMAREVA.



NGWARIRAI  
MUTARIRE KUTI  
PASAVE NOMUNHU  
ANOPINDA UMU.

HAPANA  
MUNHU  
ANGAPIDA  
NEPANDADYARA  
MAUTO ANGU  
AVA.

MATEU 27:59-66; JOHANE 19:40



MUSATYE  
PAMUSORO  
PEMUPONESI  
WENYU AKAFI  
ACHIPUNYUKA. HATISATI  
TAMBORASIKIRWA  
NEMUTUMBI, NDIZVO  
HERE VARUME?


**HE HE HE HE!**

MUSHURE  
MEMAZUVA MATATU  
JESU WAVIGWA.

AKA  
NDOKEKUTANGA  
KUCHENGETA  
MUTUMBI  
WEMUFI.

KUNOCHENA  
MANJE-MANJE  
VAMWE VALIYEWU  
PADZORO.





KUNOCHENA  
MANJE-MANJE.  
NGATIKASIRE AVA  
MAZUVA MATATU  
APER AYA.

NDINOSHUVIRA  
KUTI DAI TAKAGONA  
KUITA IZVI KARE.



**KWAVA  
KUDENGENYEKA  
KWENYIKA  
ZVEKARE.**

**YOWEE!**

**MATEU 28:1-2; RUKA 24:1**



ZVARIRI  
GURU-GURU  
WANI NHAI.

INZWAI  
VARUME AVO  
VACHIRIDZA MHERE!  
PAMWE PANE  
AKUVARA.



**CHI  
CHAIZVO?**

**AIKAZVEEE  
HHHH.**



**CHIMWARI  
ICHI!**

**ACHATIURAYA  
LYU!**

**ARIKUFAMBISA  
ZIDOMBO  
ROSE IRI!**

**MAI  
VAMWARI  
TINZWIREIWO  
NGONI!**



**MUSANDISIYE  
NDOGA! MWARI  
NDINZWIREIWO  
NGONI!**

**HAZVIGONI  
KUDARO!**

**TIZA  
NOLPENYU  
HWAKO!**

**MATEU 28:2-4**



DOMBO RIYA  
RAKAKURISA,  
TINOWANEPI VARUME  
VANGATISUMUDZIRA?

HANDIZVI ASI  
KWAPERAZI MAZUVA  
MATATU ASINA KUZORWA  
ZVINONHUWIRA.

HAVANA KUNGE VAZIVA  
KUTI MALUTO AKANGE  
AKACHENGETEDZA PABWIRO.

MUSHURE MECHINGUVA  
CHIDIKI


**PANE  
ATO BVISA  
DOMBO!**



HAMUCHINA  
MUTUMBI WAKE  
UMU. HAMLINA  
CHINHU MUBWIRO  
UMU.







NHAI!  
NDIMI ANI? KO  
MUTUMBI WAJESU  
MALISEPI?

HEDZO  
MBATYA DZAKE  
DZAAKAVIGWA  
NADZO.

MUSAVHUNDUKE,  
NDINOZIVA  
MUNOTSVAGA JESU,  
LIYO WAKAURAWA. HAASI  
PANO, AMUKA KUVAFI  
SEKUTAURA KWAAKAITA.

HUYAI MUONE PANZVIMBO  
YAANGA AKARADZIKWA MOENDA  
KUNOUDZA VADZIDZI VAKE  
KUTI VANOSANGANA NAYE KU  
GARIREYO.



**JESU  
MUPENYU!  
WAMUKA KUVAFI  
SEZVAKAITWA  
NARAZARASI!**




**VARUME  
AVO  
INGIROZI!**

**JESU  
MUPENYU!**

**KURUMIDZAI,  
TINODA KUNOULDZA  
VADZIDZI VAKE.**

**MAKO 16:3-8**



JESU  
MUPENYU!  
TIRIKUBVA  
KUBWIRO RAKE  
IZVOZVI.

TINORANGARIRA KUTI  
JESU WAKATI ACHAMUKA  
MUZUVA RETATU.

NGIROZI DZATI  
MUNOSANGANA NAYE  
KUGARIREYO!

NGIROZI  
DZATI MUENDE  
KUNOSANGANA NAYE  
KUGARIREYO.




PETURO,  
UNOENDEPI?

KU GLIVA.

JOHANE  
WAKAMHANYISA  
ACHITEVERA  
AKANODARIKA  
PETURO.

JOHANE!  
NDIMIRIREWO,  
HANDIGONI  
KUMHANYA  
SEZVAUNOITA.






НАМЧНА  
МУННУ ЧМУ.



ZVINOREI  
IZVI?

JOHANE 20:2-9



JOHANE, MBATYA  
DZAKE DZAKANYATSOPETWA  
SEMUNHU ATOMUKA  
AKATOFAMBA ACHIBUDA.

KWETE,  
HAZVIFANIRI  
KUDARO.

KO NGIROZI  
DZAVAONA DZIRIPI?  
KUTI MADZIMAI AYA  
AKUONA ZVISIPO.





MAONA  
VARUME VANGA  
VAKAPFEKA ZVICHENA  
HERE?

KWETE, KWANGA  
KUSINA VARUME, KANA  
NGIROZI, UYE MUTUMBI  
WAKE HALIKO?

A woman wearing a grey hooded robe is shown in a state of distress, crying with her hands to her face. She is standing in a tropical landscape with palm trees and mountains in the background. The scene is rendered in a comic book style with bold lines and a muted color palette.

*MAIWEE,  
MAIWEE!*

MUDZIMAI,  
URIKUCHEMEREIKO?




NOKUTI, VATORA ISHE  
WANGU, UYE HANDIZIVI  
KWAVANOMURADZIKA.

*MARIYA.*






***ISHE!***



MARIYA,  
USANDIBATE  
IKOZVINO. HANDISATI  
NDAENDA KUNA BABA.  
ASI ENDA UNOUDZA  
VADZIDZI VANGU  
ZVAWAONA, UVAUDZE  
KUTI VANOSANGANA  
NENI KUGARIREYO.

MAMBO  
VANGU, MURI  
MUPENYU.



VADZIDZI HAVANA  
KUTENDA SHOKO  
ROKUTI JESU WAKANGE  
AMUKA KUVAFI.

PETURO NAJOHANE  
HAVANA CHAVAKAONA KUBWIRO  
SAKA ZVINOREVA KUTI PANE AKABA  
MUTUMBI. VAKADZI VANOPENGA AVO  
NGAVAREGE KUFAMBASA MASHOKO  
OKUNYEPA. ZVAVANOTALURA  
ZVINONGOKANGANISA VANHU  
CHETE.

TAVAKUDZOKERA  
HEDU KUEMALISI,  
HAPANA  
CHATINGAGARIRA  
PANO.



NHASI  
IZUVA  
RETATU.

CHOKWADI,  
ASI IYE AIREGEREI  
VACHIMUURAYA KANA  
AIDA KUZOMUKA  
NEZUVA RETATU.

CHOKWADI,  
KANA AIDA KUITA  
MAMBO, SEI  
WAIZOITA ZVOSE IZVI  
MUCHIVANDE?





TINGAFAMBIDZANA  
HERE VARUME?

YOWE!  
WANDIVHUNDUTSA,  
WABVA NEPI IWE?

ZVAKANAKA, NHASI  
IZLIVA RAKANAKA  
ROKUBATA RWENDO.




NDANZWA  
HURUKURU  
YAMANGA MUNAYO  
PANDASVIKA  
PEDYO NEMI.  
ZVINOSIRIRISA.

HAUNA KUNZWA HERE  
ZVAKAITIKA MUMAZUVA  
MATATU ADARIKA KUNA JESU  
WENAZARETA.



TAIFUNGA KUTI  
NDIYE MUPONESI,  
ASI ZVINO  
AKAURAWA.

NHASI MANGWANANI,  
PANE MADZIMAI AENDA KUBWIRO  
KWAKE VAKAWANA MUTUMBI WAKE  
USIKO. VANOTI VAONA NGIROZI  
DZAVAUDZA KUTI MUPENYU.



SAKA  
PANE VADZIDZI  
VAVIRI VAMHARAKO  
KUBWIRO, ASI HAPANA  
CHAVANOONA.  
HAVANA KUONA JESU  
KANA NGIROZI, UYE  
MUTUMBI WAKE  
WASHAIKWA.

VARUME IMI SEI  
MUCHINONOKA KUGAMUCHIRA  
MASHOKO AKANYORWA  
NAVAPOROFITA PAMUSORO  
PEMUPONESI. MAGWARO  
HAADUDZIRI HERE KUTI JESU  
UCHATAMBUDZWA ASATI AUNZA  
UMAMBO HWAKE.

MAPISAREMA 22; ZEKARIYA 13:7;  
LUKA 24:13-26

UYU NDIJESU  
WENAZARETA WAVAKAURAYA,  
AIZVITI NDIYE MUZODZIWA  
WAKAFANANA NABABA, HAZVISIZVO  
HERE? ISAYA WAKATI MUZODZIWA  
ACHATUMIDZWA MAZITA OKUTI,  
"MWARI WAMASIMBA OSE, MWARI  
ANOGARA NOKUSINGAPERI." HAANA  
HERE KUDARO JESU, KUTI UKAONA  
INI WAONA BABA? ZVAAITAURA  
ZVINOTSIGIRWA ZVIZERE  
NEMAGWARO.



ISAYA WAKATAURA  
ZVIRIPO IKOZVINO ZVOKUTI,  
JESU UCHALIYA APO IZIRAYERE  
ICHANGE ISINA MAMBO  
WECHIJDHA. VAKAENDERERA  
MBERI VACHITI, MUPONESI  
ACHAZVARWA NEMHANDARA.  
MUPOROFITA MIKA WAKATI  
UCHAZVARWA MUGUTA  
REBETEREHAMA JDHA, IZVO  
ZVAKAITIKA KUNA JESU.

VAPOROFITA  
VAKAWANDA  
VAKATI UCHABUDA  
MUDZINZA RADHAVHIDHI.  
VOSE MARIYA  
NAJOSEFA VAKANGE  
VARI VEDZINZA  
RADHAVHIDHI.





MUPOROFITA  
WAKATI KIRISITU  
WAIZOVHURA  
MESO EMAPOFU,  
WAIZOSUNUNGURA  
VAKASUNGWA, UYE WAIZOVA  
MUFUDZI WAIZIRAYERE  
NOKUZOLIYA KUGOMO  
RAZIYONI  
SEMUDZIKINURI.

ISAYA  
WAKAPOROFITA  
KUTI UCHARAMBWA  
NEVAIZIRAYERE. VAPOROFITA  
VAKAONA KUTAMBURA KWAKE  
NOKUTENGESWA NESHAMWARI  
YAKE, UYO AKAPIHWA MARI INOITA  
MAKUMI MATATU EZVIMEDU  
ZVESIRIVHERI. HAANA KUDAVIRA  
KUNE AVO VAIMUPOMERA  
MHOSVA. WAKAKUVADZWA  
AKADZURWA NDEBVU, VAMWE  
VACHIMUSVIPIRA NOKUSEKA  
KUSHAMA KWAKE. WAKAROHWA  
NOKUKUVADZWA KUSVIKA  
MUVIRI WAKE  
USINGACHATARISIKA.






MUPOROFITA  
ZEKARIYA WAKATI  
MUPONESI UCHABAIWA  
NEKUNYOMBWA  
NESHAMWARI DZAKE,  
MAOKO AKE ACHAKUVADZWA.  
SEGWAYANA RIRI KUNOBAIWA  
MUPONESI, WAKAKAKARADZWA  
IZVO ZVAKAZOKONZERA RUFU  
RWAKE. WAKAZOVIGWA  
MUGUVA REMURUME  
AIVA MUPFUMI.



IYI HAISI TSAONA YAKAITIKA  
YAAKANGA ASINA SIMBA PAMUSORO PAYO. HAANA  
HERE KUTAURA KUTI HAPANA MUNHU WAIGONA KUTORA  
HUPENYU HWAKE, ASI KUTI IYE NDIYE WAKAPIRA UPENYU HWAKE  
SECHIBAYIRO. ISAYA UNOTI ZVAKAFADZA BABA KUTI AKUVADZWE,  
SECHIBAYIRO MWEYA WAKE WAIZOPIRWA PAZVIVI ZVEDU. WAKAFIRA  
ZVIVI ZVEVAMWE VAKE, WAKATAKURA ZVIVI ZVEVAZHINJI, UYE  
WAKANATSA VAZHINJI NORUFU RWAKE.



RUFU HARUNA KUVA  
MAGUMO. ISAYA WAKAONA KUTI  
UPENYU HWAKE HWAIZOPFUURIRA  
MBERI MUSHURE MERUFU RWAKE.  
WAIZOSUMUDZIRWA NOKUKUDZWA  
KUKURU. WAIZOLINZA RUPONESO  
KUMATIVI MANA ENYIKA. HAANA  
KUKUNDIKANA. MUDZIKINURI  
WAKAITA SUNGANO ITSVA.



UCHAVA MUTONGI  
WAIZIRAYERE YAKAVANDUDZWA,  
PANYIKA ITSVA UYE MUGUTA IDZVA.  
NGLVA ICHAKWANA APO MABVI OSE  
ACHAPFUGAMA UYE, NDIMI DZOSE  
DZIGOPUPURA KUTI JESU NDIYE  
ISHE.

SAKA  
NDIUDZE KUTI  
SEI WAKATSAMWA?  
MADZIMAI HAANA  
HERE KUKUDZAI KUTI  
NGIROZI DZAKATI  
WAMUTSWA  
KUVAFI?

ZVINOKAT-  
YAMADZA!


MAPISAREMA 22:15, 41:9; ISAYA 7:14, 16, 9:6, 11:1, 4, 40:11, 42:4,  
6-7, 45:23, 49:6-7, 50:6, 52:13-14, 53:1, 3, 5, 7, 9-10, 12, 59:20;  
JEREMIYA 23:5-6; MIKA 5:2; ZEKARIYA 11:12-13, 12:10, 13:6-7;  
JOHANE 10:18

UYU NDIWO MUSA  
WANGU. MAMBO WANGU,  
KUNZE KWASVIBA, HUYAI  
MURARE PANO NHASI. NDINODA  
KUNZWA ZVIZHINJI PAMUSORO  
PEZVIPOROFITA ZVAJESU.



ISHE, TINGAFARE  
MUKANATIRA CHIKAFU  
CHEDU.





ROPAFADZWAI ISHE  
NAMWARI WEDU , MAMBO WEPASI  
ROSE MUNOTIPA CHINGWA KUBVA  
MUVHU. NOKUDA KWECHINGWA  
ICHI TINOKUTENDAI.



TORAI  
MUDYE.

AVA  
NDIJESU!  
NDIVO ISHE!

*MAMBO!*



ANYANGADIKA!

*AENDA!*

ANGA ARI  
JESU POSE  
APA!

NDOSAKA ANGA  
ACHIZIVA ZVOSE  
ZVIPOROFITA IZVI.






JESU MUPENYU!  
RUFU RWATADZA  
KUMUBATA! MUPENYU!  
NGATIDZOKERE  
KUJERUSAREMA  
TINOUNDZA VADZIDZI.

RLIKA 24:28-32

PANGLVA IYOYI  
KUJERUSAREMA.



NYATSOPFIGA  
MUKOVA  
IWOYO, VAPIRISITA  
VAKASHATIRWA  
ZVISINGAITE, VARIKUTI  
TISU TABA MUTUMBI  
WAJESU WATADAI  
KUSHAYA.

PAMBERI  
PEMALITO.



ASI WAKATI  
UCHAMUKA  
NEZUVA RETATU.

HANDISI  
KUZOBVUMA KUTI  
MUPENYU KUSVIKA  
NDAISA ZVIGUNWE  
ZVANGU MUMAOKO  
AKE PAAKAKUVADZWA  
NEZVIPIKIRI.



**LIYU  
MWEYA  
HAASI  
MUNHU.**

**TIBATSIREIWO!**

**NDIJESU!**

**MUSATYE.  
TOMASI, WAKATI HALZOFI  
WAKATENDA KUSVIKA WAISA  
MAOKO AKO PANDAKAKLIVADZWA  
NEZVIPIKIRI, OH, BATA UONE  
PARLURTIVI RWANGU.**



NDIMI ISHE  
NAMWARI WANGU.

TOMASI  
WAKAROPAFADZWA  
NOKUTI WAONA  
UKATENDA, ASI  
VAKANYANYA  
KUROPAFADZWA  
VACHATENDA VASINA  
CHAVAONA.



**ISHE!**

NDIVIGIREIWO  
ZVOKUDYA. NDINE  
ZVAKAWANDA  
ZVOKUKUDZIDZISAI,  
ASI MAZIVA ANGU  
MASHOMA.

**JESU!**

LUKA 24:36-43;  
JOHANE 20:26-31



ZVAKANYORWA  
KARE MUMAGWARO  
KUTI KIRISITU  
UCHATAMBUDZWA  
NOKUDA KWEZVIVI  
ZVENYU, WOZOMUTSWA  
KUVAFI NEZUVA  
RETATU. IVHANGERI  
ICHAPARIDZWA KUNYIKA  
DZOSE KUTANGIRA  
MUJERUSAREMA.

TAURIRAI VADZIDZI VANGU KUTI  
NDINOSANGANA NAVO MUGARIREYO.  
NDICHAZOT Aura NEMI IKOKO.




SIMBA ROSE  
RAPIWA KWANDIRI  
PASI NOKUDENGA. ENDAI  
MUNODZIDZISA NYIKA DZOSE,  
MUVABHABHATIDZE MUZITA  
RABABA, REMWANAKONA,  
NERAMWEYA MUTSVENE:  
MUCHIVADZIDZISA ZVOSE  
ZVANDAKAKURAYIRAI. TARIRAI,  
NDINEMI NGUVA DZOSE  
KUSVIKA KUMAGUMO  
ENYIKA.

MUMBA  
MABABA VANGU MUNE  
DZIMBA DZOKUGARA  
DZAMAKAGADZIRIRWA.  
NDAKUENDA  
KUNOKUGADZIRIRAI  
NZVIMBO YOKUGARA.  
NDICHADZOKA  
KUZOKUGAMUCHIRAI KUTI  
MUVE KWANDIRI, KUTI  
PANDINENGE NDIRI  
MUGOVAPOWO.

MATEU 28:18-20;  
LUKA 24:44-49; JOHANE 14:2-4





ENDAI  
KUJERUSAREMA  
MUNOMIRIRA MWEYA  
MUTSVENE KUTI UUYE  
PAMUSORO PENYU.  
UCHAKUPAI SIMBA  
ROKUTAURA MUZITA  
RANGU.

**AKUDZOKERA  
KUNA BABA.**

AKUKWIRA.



NDINEMI  
NGUVA DZOSE  
KUSVIKA KUMAGUMO  
ENYIKA.

AENDA.  
ADZOKERA  
KUDENGA.



SEI MUCHIRI  
KUTARIRA  
KUDENGA?


CHII?  
NDIYANI  
LIYU?

NDIDZO  
NGIROZI MBIRI  
DZANDAKAONA  
KUGLIVA.



RIMWE ZUVA JESU  
UCHADZOKA NEGORE  
SEKUIENDA KWAAITA.

ADZOKERA  
KUNA BABA  
VAKE VARI  
KUDENGA.



DZOKERAI  
KUJERUSAREMA  
MUNOMIRIRA MWEYA  
MUTSVENE.

LUKA 24:49-51; MABASA 1:7-11



VADZIDZI VAJESU VAKAENDA KUJERUSAREMA  
SEKURAIRWA KWAVAKANGE VAITWA,  
VAKANOGARIRA CHIPIKIRWA CHOMWEYA  
MUTSVENE KWEMAZUVA GUMI. VAITYA  
KUTAURA PAJEKERERE NEZVEKUMUKA  
KWAJESU, VACHITYA KUURAWA.



NZVIMBO YAVAIVA  
YAKAZUNGUNUTSWA, MHEPO  
HURU IKAVHUVHUTA SEMIRAZVU  
YEMOTO ICHIGARA PANE  
MUMWE NEMUMWE WAVO.

VAKAZADZWA NOMWEYA  
MUTSVENE VAKATANGA  
KURUMBIDZA MWARI  
NENDIMI DZAKASIYANA  
SIYANA DZAVAKANGE  
VASINGanzwIse.




PAVAKAZADZWA NOMWEYA  
MUTSVENE KUTYA KWAIVA  
NAKO KWAKAPERA VAKAENDA  
PANZE KUNORUMBIDZA MWARI.

VAKAROPAFADZWA  
MWARI NABABA VAISHE  
WEDU JESU.

NDINGATI VANHU AVA  
VAKADHAKWA, ASI VARIKUTAIRA  
MUTAURO WANGU ZVAKANAKA.









VARIKUTAURA  
MUTAURO WANGUWO.  
VANHU AVA VAKADZIDZA  
MITAURO IYI ZVAKANAKA  
KUDAI SEI? VANHU AVA  
HAVANA KUDZIDZA.

IMI VARUME  
VAIZIRAYERE MAKONA  
MINANA YAKAITWA NAJESU.  
ICHI CHAIVA CHIRATIDZO  
CHOKUTI MWARI WAIVA NAYE,  
CHERO VAKAMUURAYA,  
MWARI VAKAMUMUTSA  
NEZUVA RETATU.



CHIURU CHEMAKORE  
ADARIKA, DHAVHIDHI WAKAPOROFITA  
ACHITI, "HAMUSI KUZOSIYA MWEYA  
WANGU MUGEHENA., UYE HAMUSI  
KUZOSIYA MUZODZIWA WENYU  
ACHIONA KIUORA."

NOKUDARO NGAZVIZIVIKANWE  
KUNA IZIRAYERE YOSE KUTI MWARI  
WAKAITA JESU IYEYU WAMAKAURAYA  
ISHE NAMUPONESI.



SAKA TODII,  
ISU TAKAURAYA  
MUZODZIWA?


SHANDURAI  
MUFUNGO WENYU  
PAMUSORO PAJESU MOTEVERA  
DZIDZISO YAKE YERUBHABHATIDZO.  
ACHAKUREGERERAI ZVIVI ZVENYU,  
MUGOGAMUCHIRA CHIPO  
CHOMWEYA MUTSVENE.



JESU  
NDIYE  
ISHE.

NDINOTENDA  
KUNA JESU.  
NDIBHABHATIDZEI!

VOSE VAKAGAMUCHIRA IZWI RAKE  
VAKABHABHATIDZWA, MUZUVA IRI  
KWAKAWEDZERWA VANHU ZVIURU ZVITATU.




MUSHURE  
MEMWEDZI  
YAKATIWANDEI.

ZVINOITA SEKUNGE  
JESU WAIVA PANO ZURO  
CHAIYE.

HONGU,  
ASI NDINONZWA  
LIVAPO HWAKE ZVINO  
ZVAKANYANYA KUDARIKA  
PAAIVA PANO.

PAVA  
NEZVIURU ZVEVANHU  
ZVINOTEVERA JESU, UYE  
VAMWE VANORAMBA  
VACHILYA ZUVA RIMWE  
NERIMWE.


MAPISAREMA 2, 16:10;  
MABASA 2:27, 37-41



PAMUSORO  
VAKURU VANGU,  
BATSIRAIWO NEMARI  
SHOMANENE KUNENI  
NDINOTAMBURA  
NEKUREMARA.

PETURU,  
HANDINA MARI,  
UNGAITAWO TUMARI  
TUSHOMANENE  
HERE?


KWETE, ASI NOKUDA  
KWAMWEYA MUTSVENE ARI  
PAMUSORO PEDU TINACHO  
CHEKUMUBATSIRA NACHO.



HANDINA SIRIVHERI  
KANA NDARAMA, ASI  
CHANDINACHO NDINOKUPA.  
MUZITA RAJESU SIMUKA  
LIFAMBE.

USAITE  
UTSINYE, MURUME  
UYU ANGE AKAREMARA  
KUBVA PAKUZVARWA.  
MAKUMBO AKE  
AKAPARARA.

JESU  
WAKUPORESA,  
LYE  
WAKUNATSA.







**YOWEE.**

**ISHE MWARI  
WAMASIMBA OSE!**


**MAKUMBO  
AKE AKUKURA!**



HANDIZVITENDI  
IZVI!  
MHETAMAKUMBO  
YAKUFAMBA.

MBIRI KUNA  
MWARI! MAITA  
HENYU JESU!

KWETE,  
ARIKUKAMHINA.




NDIYE  
MURUME ANGE  
AKAREMARA.  
MAKUMBO AKE  
ANGE AKAPUTANA.

SEI MUCHITITARISA  
SEKUNGE TISU TAITA  
MUNANA UYU? MWARI  
WAABHURAHAMU, ISAKA  
NAJAKOBHO WAKUDZA  
MWANAKOMANA  
WAKE JESU, UYO  
WAMAKAURAYA.

VANOTI  
APORESWA  
NEMUZITA RAJESU,  
AKAURAWA.

MAKAURAYA MWANAKOMANA  
WAMWARI, ASI MWARI VAMUMUTSA  
KUVAFI, ISU TIKAMUONA ARI  
MUPENYU. MURUME UYU APORESWA  
NOKUTENDA MUZITA RAJESU.




NDINOZIVA KUTI  
MAKALIRAYA JESU  
NOKUSAZIVA. VAPOROFITA  
VAKATIYAMBIRA KUTI ZVINHU  
IZVI ZVICHAZADZISWA.

MOSE MUNONDIZIVA,  
NDIMWARI WOGA AGONA  
KUNDIPORESA MAKUMBO  
ANGU. TENDAI KUNA JESU  
MUGOMUTEVERA.

TENDEUKIRAI  
KUNA JESU  
MUGOVA VADZIDZI  
VAKE, NDOKUTI  
MUGOKANGANIRWA  
ZVIVI ZVENYU.




VAKURU VEMAKEREKE VAKAURAYA  
JESU, VAKATUMIRA MAUTO  
KUNOSUNGA PETURO NAJOHANE.



HAZVISI  
PAMURAWU KUTI  
MUTUNGAMIRE  
VANHU  
PAKUKONZERESA  
NYONGA-  
NYONGA.

HAPANA  
CHAKAIPA  
CHAVAITA.

MABASA 3:12, 14-19, 4:1-3




IKOZVINO  
VAKUSUNGA  
MHETAMAKUMBO  
KUTI YAFAMBIREI.

LIYU  
MUNANA MUKURU  
WAKAFANANA  
NEZVAITWA NAJESU  
ACHIRI PASI PANO.

NDINE MUVAKIDZANI  
WANGU ATI AKAONA JESU  
ARI MUPENYU MUSHURE  
MORUFU RWAKE. VANOTI  
AKAZVIRATIDZA KUVANHU  
VANODARIKA MAZANA  
MASHANU.

NDAKUNOTSVAGA  
VAMWE VADZIDZI  
KUTI NDIDZIDZE  
ZVAKAWANDA.



KO  
ZVATAIFUNGA KUTI  
TAPARADZA BOKA  
IRI PATAKAURAYA  
MUTUNGAMIRI WARO.

VANOTI  
HAANA  
KUFA.

SAKA NGATIMUURAYE  
ZVAKARE NEVOSE  
VANOMUTEVERA.

VANOTI ANA  
BABA KUDENGA.

VAVIRI AVO  
VACHAMUTEVERA  
ZVINO-ZVINO.

MABASA 4:3-6



TINOZIVA KUTI  
MURUME UYU ANGE  
AKAREMARA KUBVA  
PAKUZVARWA KWAKE,  
MAGONA KUMUPORESA  
SEYI? MUZITA RAANI  
RAMAITA IZVI?

MURUME UYU  
APORESWA MUZITA  
RAJESU WENAZARETA, UYO  
WAMAKAURAYA, ASI MWARI  
VAKAMUMUTSA KUVAFI.





HAKUNA RUPONESO  
MUNE RIMWE  
ZITA, NOKUTI  
HAPANA RIMWE ZITA  
RATINGAPONESWE  
NARO RAKAPIHWA  
VANHU.



VARLIME  
AVA  
VANOFANIRA  
KUNGE  
VASINA  
KUDZIDZA ASI  
VANOTAURA  
ZVIRI  
MUMAGWARO  
NYORE  
NYORE.

HAPANA MARAMBIRO  
ATINGAITE KUTI PAITWA  
MUNANA PANO, VANHU VOSE  
VANOZIVA KUTI APORESWA  
NEVADZIDZI VAJESU. TINE  
DAMBUDZIKO PANO.


NDINOVAZIVA,  
VAKANGE  
VAINA JESU.

MAPISAREMA 118:22;  
MABASA 4:7-21

VABURISEI  
MUNO  
ZVOZVI!

KANA MUKARAMBA  
MUCHIPARIDZA  
NOKUPORESA MUZITA  
ROMUFI UYU JESU, NEMIWO  
MUCHAPEDZISIRA MAITA  
SAYE. MUNONDINZWISISA  
HERE? CHIBVAI PANO,  
HANDIDI KUNZWA HUPENZI  
HWOKUMUKA KUVAFI  
ZVEKARE.

CHITONGAI MURIMI  
KUTI ZVAKAKODZERA  
HERE KUTEERERA IMI  
KUDARIKA MWARI,  
ASI ISU TINOFANIRA  
KUTaura CHOKWADI  
CHEZVATAKAONA  
NEZVATAKANZWA.



NHAU DZAKANAKA  
DZAJESU DZAKAFAMBA  
MUIZIRAYERE YOSE  
VAZHINJI VAKATENDEUKA  
VAKABHABHATIDZWA.

KEREKE YAJESU YAKAVA MHURI  
YEZVIURU YAKABATANIDZWA  
NERUDO NORUGARE.


MAKANZWAWO  
ZVENHAU DZAKANAKA  
PAMUSORO PAJESU  
HERE?

JESU WAKAMUTSWA  
KUVAFI. MUPENYU UYE  
TINAYE PAKATI PEDU.



KUCHECHI VAKADZI  
VANOBATWA NORUKUDZO  
NORUREMEKEDZO.

KUBVA  
PATAKATENDA KUNA  
JESU KIRISITU,  
MUMBA MEDU MAVE  
NERUGARE.



VAKIRISITU  
VAISHANDA  
VACHIIMBA  
NZIYO.

MAKIRISITU  
AKAWANDA ZVOKUITA  
ZVIURU VACHIGOVANA  
ZVOSE ZVAVAIWANA.  
VAIPARIDZA  
NEZVAJESU ZUVA  
NEZUVA MUDZIMBA  
NEMUMIGWAGWA  
KUNE VOSE  
VAVAISANGANA NAVO.

MABASA 13:30-32

IMI VARUME  
VAIZIRAYERE MUNOZIVA  
KUTI MWARI VAKAUDZA  
MADZIBABA EDU KUTI MBEU  
YAVO YAIZOENDA KUNYIKA  
YEKURE LIKO VAINOBATWA  
SENHAPWA KWEMAKORE MAZANA  
MANA. MUSHURE MAZVO MWARI  
VAIZOTONGA NYIKA IYOYI  
VACHIZODZORA VANHU VAVO  
KUNYIKA YAVAKAPA KUNA  
ABHURAHAMU.







SITEFANI,  
USARATIDZE  
LUPENZI  
HWAKO.

**UNOSHOROPODZA  
TEMBERI YEDU!.**

SOROMONI  
WAKAVAKIRA MWARI  
TEMBERI, ASI MWARI  
HAVAGARI MUTEEMBERI  
INOVAKWA NEMAOKO EVANHU;  
SEKUTAURA KWAKAITWA  
NOMUPOROFITA: "DENGA  
NDICHO CHIGARO CHANGU, PASI  
NDOPANOTSIKWA NETSOKA  
DZANGU: IMBA YERUDZII  
YALINGANDIVAKIRE? KANA KUTI  
NDEPAPI PANDINGAZORORE?  
HARUSI RUOKO RWANGU  
RWAKAITA ZVOSE IZVI  
HERE?"

ISAYA 66:1;  
MABASA 7:1-57



URI MUNHU ASINGATEERERI UYE  
ANOZVIKUDZA. MOYO WAKO HALINA KURLRAMA  
PAMBERI PAMWARI. UNORWISANA NEMWEYA  
MUTSVENE SEZVAITWA NEMADZIBABA ENYU. IMI  
NEMADZIBABA ENYU MAKATAMBUDZA NEKUURAYA  
VAPOROFITA VAKAPOROFITA ZVEKUIYA KWAJESU  
KIRISITU, IMI NDOKUMUURAYA.



SITEFANI,  
UNOZVITI URI  
MUJUDHA?

UNODA  
KURASA MIRAIRO  
NETSIKA DZEDU  
KUTI TIGOTEVEDZEI?  
NOKUDA KWEMURUME  
AKAURAWA NEVAROMA  
ASINA AMUONA  
ARIMUPENYU?

TARIRA, NDINOONA  
DENGA RICHIVHURIKA, UYE  
NDINOONA MWANAKOMANA  
WEMUNHU AMIRE KURUDYI  
RWABABA. HEYO! MBIRI  
YAMWARI!



ISAI ZVIGUNWE  
MUNZEVE.  
MUSATEERERE KUNE  
UYO ANOMHURA  
MWARI!

**ANOFANIRA  
KUFUFA!**

MUZVUVIREI  
KUNZE KWEGUTA  
MUNOMUTAKA  
NEMABWE.



**MUNHU ANOMHURA MWARI!**

**ANODA  
KUPARADZA  
CHITENDERO  
CHEDU.**

**TAKAURAYA JESU  
PAMUCHUNJIKWA.  
IWE, TICHAKUTAKA  
NEMAMBWE.**

**MUSHURE  
MOKUNDITAKA  
NEMABWE, JESU  
UCHARAMBA ARI  
ISHE.**



AMHURA CHITENDERO  
CHEDU. TINOTI NGAAFE.  
SAURO, TINE RUTSIGIRO  
RWEVAKURU HERE?

REGAI NDINYORE  
RUGWARO RWORUTSIGIRO  
KUTI AURAWE. MUMWE  
WEVADZIDZI VEMUCHAKABVU  
JESU WEKUNAZARETA.  
MUNHU ANOMHURA MWARI  
LIYU NGAURAWE. ENDERERAI  
MBERI MUMURAYE.



SALIRO,  
TARIRA  
BHACHI  
RANGU IRI.

ISHE JESU,  
GAMUCHIRAI MWEYA  
WANGU, MUSAVATONGE  
NEKUDA KWEMHOSVA  
IYI.



**PWAHA!**




MUJERUSAREMA  
MAKATANGA  
KUSHUNGURUDZWA  
KWEKEREKE, VAZHINJI  
VAKATIZA KUNZE  
KWEVA APOSITORA.

AYA  
MAVAMBO  
CHETE!

NGATIPARADZE  
VOSE VANODANA  
KUZITA RAJESU!

LIRAYAYI LIYO  
ANOMHLIRA  
MWARI!





MUCHINE VAMWE  
VANOTEVERA KIRISITU  
HERE UMO?

MUSAKLIVADZE  
BABA VANGU.

MUFARISE AINZI PAURO  
AKARWISA KEREKE  
ACHITORA VARUME  
NEVAKADZI MUDZIMBA  
ACHIVAKANDA MUTIRONGO.


BATAI  
MUKADZI  
WACHO  
ZVEKARE.

MABASA 7:59-8:3

PAINAMATA MUKIRISITU ANONZI  
FIRIPA, NGIROZI YAKATAURA NAYE.

*FIRIPA,  
SIMUKA,  
ENDA MUNZIRA  
YEKUMAODZANYEMBA,  
INOBUA  
KUJERUSAREMA  
ICHIENDA KUGAZA.*



A man in a green robe is running away from the viewer through a desert landscape. The background shows rolling hills and a large rock formation on the right. A thought bubble is positioned above the man, containing text in Swahili. The scene is rendered in a simple, illustrative style with a warm color palette of yellows, oranges, and greens.


HANDIZIVI  
CHANDINOFANIRA  
KUENDERA UKO, ASI  
MWARI VAKATI ENDA,  
NDINOENDA.

IYI  
INOITA KUNGE  
NDIYO NZVIMBO  
YACHO, SAKA  
NDODII ISHE?



A man with dark, curly hair, wearing a green robe, is kneeling on the ground in a desert landscape. He is looking down with a somber expression. The background shows rolling sand dunes under a clear sky. A large tree trunk is visible on the right side of the frame. A speech bubble is positioned in the lower-left area of the image.

ISHE, CHII  
CHAMUNODA  
KUTI NDIITE?



CHIKOCHIKARI!  
NDIZVOZVI HERE ISHE  
ZVAMANDIUNZIRA KUNO?  
PANE WAMUNODA KUTI AVE  
WENYU HEREAPA?

ENDA  
UNOFAMBIRA  
PEDYO  
NECHIKOCHIKARI  
ICHO?

MABASA  
8:26-29




MUNO MAIVA NOMUKURU  
WEHURUMENDE  
YEKUITIYOPIYA, WAIVA MUBATI  
WEMARI WAMAMBOKADZI.

NEHUPFUMI HWOSE  
HWAAIBATA, AKANGE AENDA  
KUJERUSAREMA KUNONAMATA  
NENZIRA YEMAJUDHA, APO  
AKANGE ODZOKERA KUMUSHA  
KWAKE ACHIVERENGA HAKE  
MAGWARO MUSHOKO RAMWARI.

WAKATUNGAMIRWA  
SEGWAYI RINOISWA  
KUNDOBAIWA, SEHWAYANA  
PAVAVELURI HAANA KUVHURA  
MUROMO WAKE, HUPENYU  
HWAKE HWAKAGURWA  
KUBVA KWAARI.






NDINONZWA  
KUTI MUNOVERENGA  
KUBVA MUBHUKU  
RAISAYA.  
MUNOZVINZWISISA  
HERE  
ZVAMUNOVERENGA?

ICHOKWADI,  
MANZWA ZVANDANGE  
NDICHIVERENGA, ASI  
HANDINGAZVINZWISISE  
KANA PASINA  
ANODUDZIRA. KWIRAI  
TIFAMBIDZANE.



MUCHANGOBVA  
KUJERUSAREMA?


ICHOKWADI,  
NDANGA NDAENDA  
KUNONAMATA. MANATIRO  
ATINOITA KWEDU HAALINZE  
RUGARE, LIYE MWARI ANOITA  
KUNGE ARI KURE NESU.



NDINOVERENGA PAMUSORO  
PEMUPONESI. PANDINOENDA  
KUJERUSAREMA ZVIURU ZVEVANHU  
ZVINOTI WAKATOUYA AKAURAWA  
PAMUCHINJIKWA, AKAMUKA KUVAFI.


NDANGA NDICHINZVERA  
MAGWARO KUTI NDIONE KANA  
ZVINHU IZVI ZVAKAPOROFITWA.  
LINGAZIVE HERE KANA ISAYA  
WAITAURA PAMUSORO PAKE  
KANA KUTI PEUMWE.

ISAYA 53; MABASA  
8:27, 30-34.




SEKUZIVA  
KWAKO,  
BHUKU RAISAYA  
RAKANYORWA  
MAKORE MAZANA  
MASERE APFUURA.  
BHUKU RAISAYA,  
CHIKAMU MAKUMI  
MASHANU NENHATU  
NDOCHIMWE  
CHEZVIMWE  
ZVIPOROFITA  
ZVEMUPONESI.  
RINOTI  
"WAIZOSVORWA  
NOKURAMBWA."

SEZVO UCHANGOBVA  
KUJERUSAREMA, UNOZIVA  
KUTI CHERO JESU WAKAITA  
MINANA MIZHINJI, VAKURU  
VEDU VAKAMURAMBA.



NDIMA  
7 CHIPOROFITA  
CHINORATIDZA KUTI  
JESU PAAIZOMIRA  
MBERI KWEVATONGI,  
AISAZOZVIMIRIRIRA.

ISAYA  
WAKAPOROFITA KUTI  
JESU WAIZOTAMBUDZWA  
ZVIZHINJI UCHIRIPIRA  
MATADZO EDU. PANDIMA  
YECHISHANU, SHOKO RINOTI  
KUTAMBURA KWAINGE  
KWAKAFANIRA NESU  
KWAKATAKURWA NAJESU  
PAMUVIRI WAKE.




NDIMA 8  
INOTI UCHABVISWA  
MUTIRONGO, ACHINOURAWA  
ACHIRIPIRA MATADZO  
EDU.


NDINONYANYA  
KUFARIRA NDIMA  
YETANHATU INOTI,  
"TOSE SEMAKWAYI  
TAKANGE TAKARASIKA;  
TOSE TAIFAMBA NENZIRA  
DZISIDZO, ASI MWARI  
VAKAISA PAMUVIRI WAKE  
ZVITADZO ZVEDU ZVOSE."  
IZVI ZVINORATIDZA KUTI  
VANHU VAINGE VATORA  
NZIRA DZOKURASIKA, ASI  
MWARI VAKATAKUDZA  
JESU KUTADZA KWEDU  
NERUFU RWAKE.



NDIMA 9 INOTI  
JESU WAIZOVIGWA  
PAMWE NEVAPFUMI  
NEVATADZI.



NDIMA 9 INOTI  
JESU HAANA KUTADZA  
SEZVINOITA VAMWE  
VANHU, LIYE KWAIVA KUDA  
KWAMWARI KUTI AKUVADZWE  
NOKUSHUNGURUDZWA, NOKUTI  
WAIPIRA MWEYA WAKE  
SECHIBAIRO CHEZVIVI.



NDIMA IO INOTAURA  
NEZVEKUMUKA KWAKE  
KUVAFI NEUSHUMIRI HWAKE  
MUSHURE MAZVO.

ZVIMWE ZVIPOROFITA  
ZVIZHINJI ZVINOTAURA KUTI  
MUSHURE MOKUMUKA KWAKE  
KUVAFI, JESU UCHAGARA PACHIGARO  
CHOKUTONGA, UYE ISU TOSE  
TICHAMIRA MBERI KWAKE TICHIDAVIRA  
NEMARARAMIRO ATAKAITA.

ISAYA 53:3-10; MABASA  
8:35; VAROMA 2:16; 2  
VAKORINDE 5:21





NDAKANZWA VAPIRISITA  
NEVADZIDZI VACHITaura  
PAMUSORO PEZVIPOROFITA  
ZVAJESU, SEI VAZHINJI VAVO  
VAKARAMBA JESU?



VAMWE VAPIRISITA NEVADZIDZI VAKAGAMUCHIRA  
JESU, ASI VAMWE VAKAMURAMBA PAAKATAURA  
NEZVEUNYENGERI HWAVO. VAITSVAGA MUPONESI  
AIZOURAYA VAROMA, KWETE AITaura NEZVEZVIVI  
ZVAZVO. VAIDA KUTONGA NYIKA, ASI VAKANGE  
VASINGADI KUTI MWARI ATONGE MOYO YAVO.



PANE ZVIMWE  
ZVIPOROFITA  
ZVAKAZADZISWA  
NAJESU HERE?

MAPISAREMA 22  
INOTALURA ZVERUFU  
RWAKIRISITU  
PAMUCHINJIKWA.

HAZVISIZVO HERE  
KUTI MAPISAREMA  
YAKANYORWA CHIURU  
CHEMAKORE ADARIKA  
VANHU VASATI VOURAWA  
NEMICHINJIKWA.



CHOKWADI, ASI MWARI  
UNOZIVA ZVOSE,  
PANE ZVIPOROFITA  
ZVINOSVIKA MAZANA  
MATATU NEMAKUMI MANA  
PAMUSORO PEMUPONESI.  
NDOMAZIVIRO ATINOITA  
KUTI JESU NDIYE  
WOGA AKATUMWA  
NAMWARI.

MAPISAREMA 22 NDIMA 16  
INOTALURA ZVEKUBOORWA  
KWEMAOKO NEMAKUMBO AKE  
NEZVIPIKIRI. CHIKAMU 22 NDIMA  
14 YAMAPISAREMA INOTALURA  
ZVEKUNZWA KWAKE NYOTA NOKUTI  
MABONDO AKE AIZOPESANISWA  
PARUFU RWAKE. ASI MAPISAREMA  
34:20 INOTIUDZA KUTI HAPANA KANA  
BONDO RAKE RIMWE RAKATYORWA  
PAAKURAWA PAMUCHINJIKWA.  
YAIVA TSIKA YAVO KUTYORA  
MABONDO EVARI PAMUCHINJIKWA,  
ASI JESU WAKAFA VASATI VATYORA  
MABONDO AKE. MAPISAREMA  
22 NDIMA 17 INOTI VAKATARIRA  
KUSHAMA KWAKE, NDIMA 18  
IKAGOTI VAMWE NDIVO VAKAKANDA  
MUJENYA PANE IMWE YENHUMBI  
DZAKE DZIMWE NDOKUGOVANA.

PAMUSORO PEZVO ZEKARIYA  
12:10 INOTI MAOKO AKE  
ACHABAYIWA, UYE MUKUFAMBA  
KWENGLVA MAJUDHA ACHAONA  
MAVANGA AKE. ISAYA  
50:6 INOTI UCHAROHWA  
KUMUSANA NEPADAMA.  
MAPISAREMA 16:10 INOTI  
MUTUMBI WAKE UCHAVIGWA  
MUBWIRO ASI HALZOGARIMO  
ZVOKUSVIKA PAKUORA.  
ZVIPOROFITA ZVINOTIUDZA KUTI  
UCHATENGESWA NESHAMWARI  
YAKE, UYO ACHAZVISUNGIRIRA  
PAMUTI. MUTUMBI WAKE  
UCHADONHA WOPUTIKA  
ACHIRASIRA MATUMBU PASI.  
MUNDA WAIZOSHANDISWA  
SEMARINDA EVABVAKURE.  
ZVOSE IZVI ZVAKAZADZISWA  
SEKUNYORWA KWAZVAKAITWA  
NEVAPOROFITA. HAPANA  
MUBVUNZO WOKUTI JESU  
KIRISITU WENAZARETA NDIYE  
MUPONESI, MUDZIKINURI  
WENYIKA YOSE.

MAPISAREMA 22:6, 17-18, 16:10,  
34:20; ISAYA 50:6; ZEKARIYA 12:10

NDINOTENDA KUTI  
JESU NDIYE MUPONESI. NDIRO  
GWAYANA RAKATUMWA KUZOBVISA  
MATADZO EDU. HAPACHADIWA  
ZVIMWE ZVIPIRISO KUNZE KWAKWE.  
JESU NDIYE NZIRA KUNA MWARI.  
NDINODA KUVA MUDZIDZI  
WAJESU.





IYO MVURA  
IRI APO IYO,  
CHINONDITADZISA  
KUBHABHATIDZWA  
CHII?

NDINOKUBHABHATIDZA  
KANA UCHITENDA  
NOMOYO WAKO WOSE  
MUZITA RAISHE  
JESU.

EHH,  
NDINOTENDA!  
UYE  
NDINOBVUMA!



NDINOKUBHABHATIDZA  
MUZITA RAISHE  
NAMUPONESI WEDU  
JESU KIRISITU.

A close-up comic book illustration of a man with a shocked expression. He has his hands pressed against his mouth and wide, staring eyes. A large speech bubble is positioned above him, containing the text 'MWARI NGAVARLUMBIDZWE!' in a bold, black, sans-serif font. The background is a simple blue and white gradient with some vertical lines.

**MWARI  
NGAVARLUMBIDZWE!**





KO WAENDEPI  
MURLUME LIYA?

**WANGONYANGADIKA.**

MWARI  
VANOGONA, VANGE  
VACHIMUDA KUMWE. ISU  
NGATIROVE RWENDO TIDZOKERE  
KWEDU KUITIYOPIYA TINOULDZA  
MAMBOKADZI ZVATADZIDZA  
PAMUSORO PEMUPONESI.

KEREKE YAKANOVAMBWA KUNYIKA  
YEITIIYOPPIYA LIYE YAKAITA MIDZI  
KUSVIKIRA NANHASI APO VAKIRISITU  
VAZHINJI VAKAURAWA NEMAMOZIREMU.

MABASA 8:36-39



<https://goodandevilbook.com/>